

**Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2019**

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE JOUNEN LAPÈCH LIB NAN ETA NEW YORK  
WIKENN SA A**

***29 ak 30 Jen Fè Pati Sis Jounen Lapèch Lib yo Ofri pou Ankouraje Plis Moun Vin  
Jwi Espò a***

***Yo Estime Endistri Lapèch Espòtif New York la Jenere 3 Milya Dola nan Aktivite  
Ekonomik Chak Ane, Li Sipòte Prèske 20,000 Pòs Travay nan Tout Eta a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke rezidan New York yo ka peche pwason lib san yo pa gen lisans nan youn nan 7,500 lak ak etan yo oswa 113,000 kilomèt rivyè ak kouran dlo yo toupatou atravè eta a pandan wikenn 29-30 Jen 2019 la. Wikenn Lapèch Lib New York yo ap ede ankouraje plis moun kèlkeswa konpetans yo oswa si yo nouvo nan espò a - pou yo soti deyò epi al jwi anpil nan opòtinite lapèch ki gen kalib mondyal yo.

"Eta New York gen anpil milye lak ak 113,000 kilomèt rivyè ak kouran dlo ki ofri opòtinite lapèch eksepsyonèl", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Jounen Lapèch Lib yo ofri amatè yo ansanm ak pechè pwason ak liy sezonye yo chans pou yo eseye espò a pou kont yo oswa entwodui lòt moun a destinasyon lapèch ki gen kalib mondyal ak destinasyon panoramik toupatou atravè Empire State la yo."

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC) ap administre [pwogram](#) Jounen Lapèch Lib la nan kad Inisyativ New York Ouvè pou Lapèch ak Lachas (NY Open for Fishing and Hunting Initiative) Gouvènè Cuomo a. Jounen Lapèch Lib k ap vini la yo fè pati sis jou yo planifye pou ane 2019 la, ki gen ladan 28 Septanm (Jounen Nasyonal Lapèch ak Lachas la), ak 11 Novanm (Jounen Komemorasyon Ansyen Konbatan yo). Pwogram jounen lapèch lib la te kòmanse an 1991 pou bay moun ki ta pa ka peche yo yon chans pou yo eseye espò anrichisan sa gratis, pou entwodui moun a nouvo lwazi, epi pou ankouraje moun sipòte espò a lè yo achte yon lisans lapèch Eta New York. Lejislasyon Gouvènè a te siyen an 2014 la te ogmante kantite jounen lapèch lib yo otorize toupatou atravè eta a soti de (2) chak ane.

"Lekòl ofisyèlman fèmen, epi ki pi meyè fason nou ta ka lanse ete a avèk fanmi nou otke mennen timoun ou yo al peche pwason", **Komisè DEC a Basil Seggos, te deklare.** "Jwenn yon kote pou peche pwason pa mande pou yo vwayaje lwen. New York se yon tè beni ki gen anpil resous lapèch epi gen anpil bèl opòtinite ki toupre lakay yo, kèlkeswa kote ou abite. Kenbe pwason amizan anpil, men tan yo pase ap viv eksperyans tout sa lanati gen pou ofri avèk fanmi w se pi gran rekonpans lan."

Anplis pwogram Jounen Lapèch Lib la, Inisyativ New York Ouvè pou Lapèch ak Lachas la pral pèmèt òganizasyon ak gwoup yo òganize sèvis èd pou lapèch lib. Moun ki vle aprann peche pwason yo ka pwofite de diferan pwogram edikasyon sou lapèch DEC ak lòt gwoup yo ofri toupato nan eta a. Yo mete yon lis konplè [Sèvis Èd pou Lapèch Lib 2019 yo \(2019 Free Fishing Clinics\)](#) ajou regilyèman. Sèvis èd pou lapèch k ap vini yo gen ladan 27 Jen nan East Islip, Konte Suffolk, 28 Jen nan Stuyvesant, Konte Columbia; ak 29 Jen nan Tuxedo, Konte Orange.

Y ap raple moun k ap patisipe nan Jounen Lapèch Lib yo ke, byenke moun pa bezwen lisans pou yo peche pwason pandan jounen lapèch lib yo, tout lòt [règleman lapèch yo](#) rete an vigè. Lè yo pap patisipe nan Jounen Lapèch Lib yo oswa [sèvis èd](#), pou lapèch yo, nenpòt moun ki gen 16 zan oswa plis dwe gen yon lisans lapèch Eta aktyèl pou yo peche pwason nan New York. Kounye a, lisans lapèch yo valab pou 365 jou apati dat yo te achte yo a. W ap jwenn plis enfòmasyon sou acha yon [lisans lapèch](#) sou sitwèb DEC a.

Pou w jwenn enfòmasyon sou opòtinite lapèch ak liy yo, vizite paj [Kote pou Peche Pwason yo \(Places to Fish\)](#) sou sitwèb DEC a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)